# *«Адыгэбзэр бзэрабзэмэ,*
# *Псэущ си адыгэр,*
# *Мэгъагъэ си Хэкур!»*

**внекласснэ мероприятием и сценарие**

**Хьэт1охъущыкъуей ет1уанэ курыт еджап1эм**
**къэбэрдей-шэрджэсыбзэмк1э егъэджак1уэ**
**Къанло Аксанэ Б.**

**2022гъэ.**

### *«Адыгэбзэр бзэрабзэмэ,*
### *Псэущ си адыгэр,*
### *Мэгъагъэ си Хэкур!»*

**Къафэ.**






*/ Макъамэ щ1эту усэ къоджэ. /*

Си адыгэбзэ!
Псэм и жагъуэу хэт жи1эну
Дунейм и нэхугъэр?
Сэ узи1эщ гъащ1э 1энэу,
Лъэпкъым и уэздыгъэ.
Адыгэбзэр пц1ыхуу щытмэ,
Бзухэм уопсэлъэф.
Жэщу мэзым ущ1ыхьами
Ухъукъым къэплъэнэф.

**Вед.**

-Фи махуэ ф1ыуэ пщ1э зыхуэтщ1, ди хьэщ1э лъап1эхэ: ди нэхъыжьыф1хэ, ди егъэджак1уэхэ!

Фыкъыдогъэблагъэ ди анэдэлъхубзэм, ди лъахэм, ди Хэкум теухуа:

***«Адыгэбзэр бзэрабзэмэ,***
***Псэущ си адыгэр,***
***Мэгъагъэ си Хэкур!»***

зыф1этща гуф1эгъуэ зэ1ущ1эм.




-Сыт хуэдэ 1уэхуми хъуэхъук1э пежьэ хабзэщ. Дэри ди зэ1ущ1эр дыублэнщ хъуэхъук1э:

**Ди нэхъыжьи, ди нэхъыщ1и**
**Я гур къабзэу, я бзэр дахэу,**
**Зэгуры1уэу, зэдэ1уэжу,**
**Ди бзэр бзэрабзэу,**
**Хабзэр еф1ак1уэу,**
**Хэкум дыхуэпэжу,**
**Тхьэм куэдрэ дигъэпсэу!**

**Вед.**

-Анэдэлъхубзэ! Мы псалъэхэр ди псэм къохуэбыл1э, дегъэин. Абы дэ зыхыдегъащ1э къыддалъхуа, ди гум щыдгъаф1э бзэ лъап1э дызэри1эр.

Бзэмк1эщ узыщыщ лъэпкъри, абы и хабзэ дахэри, уи щ1ыналъэ хъуэпсэгъуэри зэрызэхэпщ1эр.

Сэ, лъэпкъ куэдым къахэк1ауэ
Си1эщ ныбжьэгъубэ,
Урысыбзэм къуэш ищ1ауэ
Си бзэр егъэхуабэ.
Сыт жызмы1эми гухэлъыр
Къожьэ адыгэбзэу.
Ныдок1уэк1ыр гъащ1э дыгъэу Си лъэпкъым и хабзэм.
Сэ хьэуа сымыгъуэтыжмэ, Сыухынущ гъащ1эр.
С1урылъ си бзэр щхьэм ик1ыжмэ, Сыт1оул1э къабзэщ.

**Хъыджэбз къафэ.**




АДЫГЭБЗЭР БЗЭРАБЗЭМЭ




АДЫГЭБЗЭР
МЭГЪАГЪЭ СИ


АДЫГЭБЗЭР БЗЭРАБЗЭМЭ,
МЭГЪАГЪЭ СИ

**Вед.**

-Л1эщ1ыгъуэк1эрэ ди лъэпкъым зэригъэпэща тхыдэр зыхъумар, ди зэманым ахэр къэзыгъэсар ди бзэращ. Абы и ф1ыгъэк1э нобэ дыщыгъуазэщ пасэрей ди ц1ыхухэм я дуней еплъык1эми, абыхэм я уэрэд, усэ, хъыбар, псысэ хьэлэмэтхэми, тхыдэм къыщыхъуа 1уэхугъуэ ин дыдэхэми.

-Апхуэдэ къалэн гъуэзэджэ лъэпкъым хуэзыгъэзащ1э , анэ быдзышэм щ1ыгъуу дэтхэнэ зыми и сабий тхьэк1умэм 1эф1у къи1уа ди бзэ дахэр псэк1э имылъагъуныр ц1ыху пэжым хузэф1эк1ынукъым.

Уи анэбзэр гъаф1э,
Ар бгъэ дамэу шэщ1.
Адэжь и жьэгу маф1эу
Пхуахъумам ар пэщ1.

Я фэеплъщ адэжьхэм
Бзэм я нэхъ къулейр.
Зи бзэ зымыдэжхэм
Зэи уадэмыплъей.

Зи бзэ хуэмеижыр -
Ар лъэпкъыншэ мэхъу
Зи лъэпкъ 1уэху еижыр
Гъащ1эм къегъэщ1эхъу.

Бзэр 1эщыбмэ йобэ,
Мэхъу тэджыжыгъуей.
Ар хъумэныр нобэ
1ущагъ псом я лейщ.

**Уэрэд. «Гуф1эгъуэ махуэ».**

**Вед.**

-Анэдэлъхубзэм лъагъуныгъэ ц1ыхум щыхуищ1ыр сабий ныбжьым щитым дежщ. Сабий ныбжьым щитым дежщ ц1ыхум псалъэм и 1эф1ыр щызэхищ1эр. Лъагъуныгъэм и нэхъ иныр зыхуэфащэ адыгэбзэмк1эщ щ1эблэр зэрыгъэсэн хуейри.

-Щ1эблэр гъэсэнымк1э мыхьэнэшхуэ и1эщ лъэпкъ литературэбзэм, ар и лъабжьэщ и къежьап1эщ лъэпкъ культурэ псом.

Къэралыгъуэу дапщэ щы1э,
Бзэ умыщ1эм сыт ущыщ ?
Пащтыхь пащхьэ сэ сихуауэ
Езгъэщ1акъэ сызыщыщ .

Сэ 1уэху инхэр си пщэ дэлъми ,
Адыгэбзэр сщ1ат гурыхь,
Я зы л1ыщхьэ си тэрмэшу
Сепсэлъакъэ сэ пащтыхь.

Си лъэпкъэгъухэм сахыхьэжмэ,
Мис аргуэру чэмщ тэрмэш.
Бзэр мыбзэжмэ,псалъэр щыкъуну
Къуалэбзухэм яхуэвгуэш .

**Вед.**

-Уи гум 1эф1ыгъэу илъыр, уи псэр дэзыхьэхыр уи анэдэлъхубзэмк1э нэхъ къэ1уэтэгъуаф1эщ.

Уи анэдэлъхубзэр умыщ1эмэ, уи къуэпсым и кумылэр уи 1эк1э зэпыбупщ1ыжауэ аращ.

Зи бзэ зымыщ1э щ1эблэм и тхыдэбжэр и 1эк1э зэхуищ1ыжауэ, и лъэпкъри к1уэдыжауэ аращ.

Ар къызыгуры1уэну хуэмей, бзэр к1уэдыжк1э къызыф1эмы1уэху ц1ыхухэр ди лъэпкъым и бияхэм къагъэщ1ащ.

Бзэр т1эщ1эк1мэ, док1уэдыр.
Акъыл ин ухуэмей
Къыбгуры1уэу а т1эк1ур
Утетыну дунейм.

Бзэм и макъхэм ди тхыдэр,
Ди лъыр, ди псэр хэпщащ.
Бзэр тхъумэну зымыдэр
Ди биям къагъэщ1ащ.

Бзэр т1эщ1эк1мэ, док1уэдыр.
Лъы зыщ1этыр фысакъ.
Псы зыщ1этыр тек1уэту,
Вгъэ1у бзэ хуабэм и макъ.

**Вед.**

- «Гушы1эр тхьэм и щ1асэщ» жа1э ижь-ижьыж лъандэрэ. Абы ц1ыхум и гукъыдэжым зрегъэ1эт, гур хегъахъуэ, жэрдэмышхуэ къыхелъхьэ. Гушы1эр щымы1амэ, гъащ1эр зэшыгъуэрэ фагъуэу ек1уэк1ынут.

Нобэрей ди зэ1ущ1эри апхуэдэ мыхъун щхьэк1э фыкъеда1уэ ди гушы1эхэм.

-Иджыпсту девгъэплъ гушы1э къызыхэщ теплъэгъуэ.

**Гушы1э теплъэгъуэ.**

**Уэрэд «Гуащэгъагъ».**


АДЫГЭБЗЭР БЗЭРАБЗЭМЭ,
СИ


БЗЭРАБЗЭМЭ,
ХЭКУР !




**Вед.**

-Щ1ыхум бзэм зыхуейр къри1уатэ къудейкъым, абы къыдэк1уэу ар гупсысэм и 1эщэ хьэлэмэтщ. Лъэпкъ зэхэщ1ык1ым зезыгъэужь, ар езыгъэф1ак1уэ, нэхъ лъагэ зыщ1 1эмэпсымэ телъыджэщ.

-Бзэр – лъэпкъыр зы зыщ1, зэзыпх, зэгурызыгъа1уэ, зы лъэпкъыр адрейхэм къыщхьэщызыгъэк1 фащэхэм ящыщ зыщ. Ар имы1эмэ, лъэпкъым и лъэпкъыгъэр ф1ок1уэд.

Бзэгум хэлъкъым къупщхьэ
Арщ щ1ыжи1эр куэд
Ухуимытмэ уи щхьэ
Уи пщ1эри мэк1уэд.

Псынащхьэр щыкъабзэр
И1эмэщ теп1эн
Дывгъэхъумэ ди бзэр
Си псэ жызы1энщ.

Анэбзэр мы1ужмэ,
Лъэпкъыр к1уэдыжащ.
Пщэдей димы1эжмэ,
Щ1ым дытек1ыжащ.

Маржэ, си адыгэ!
Дызэрывгъэубыд.
Хъунущ ди пщ1эр лъагэ,
Зыдмыщ1ыжмэ пуд.

**Хъыджэбз къафэ псынщ1э.**






**Вед.**

-Щы1экъым ущалъхуа Хэкум хуэдэ зыри. Дэтхэнэ зы ц1ыхуми анэ быдзышэм хэту Хэкум хуи1эн хуей ф1ылъагъуныгъэр и псэм хэпща мэхъу. А лъагъуныгъэм къару къытхелъхьэ, ди псэр къулей ещ1.

«Си хэку, си лъэпкъ, си бзэ», - мы псалъэхэр зы1урылъ дэтхэнэ зыри дыщ1охъуэпс адыгэм ди пщэдейрей гъащ1эр махуэ тхуэхъуну.

Ди хэкумрэ ди бзэмрэ къыгуэхып1э имы1эу зэпхащ.

Зэпымычу согупсысыр:<br>Хэкур, къуэшхэ, сыт зищ1ысыр?<br>Абы дэнэ зыдынэсыр

Бынхэм хуащ1ын хуей нэмысыр.
Ар жьэгу пащхьэрщ, щалъхуа лъапсэрщ,
Ар уи къуажэрщ, е уи къалэрщ,
Ди адэжьхэр здэпсэуарщ,
Я фэеплъхэр къыщанарщ.
Лъагъуныгъэр дэп жьэражьэу
Япэ дыдэу къыщежьарщ.
Ар к1уэц1ылъу бэльтоку к1апэ
Щ1ыгулъ ф1ыц1эу кърахьэк1.
Гъащ1э гъуэгум уидзми дэнэ,
Хэкур уи гум йомыгъэк1.
Гъэбэгъуэным и нэмысыр
Уи ц1ыхугъэр пэгъэлъэщ.
Хуищ1къым быным Хэкум уасэ,
Япэ и п1эм ирегъэщ.
Хэкум и гур анэу щабэщ,
Абы куэди къыпхуегъэгъу.
И быдзышэм уепц1ыжамэщ
Щомыгъуэтыр и гущ1эгъу.

**Уэрэд «Си Къэбэрдей».**



**Вед.**

-Ижь-ижьыж лъандэрэ псалъэжьхэр ди лъэпкъым къыдогъуэгурык1уэ ик1и а псалъэжьхэм ящ1элъщ гупсысэ-ущие куу. Ахэр теухуащ хабзэмрэ нэмысымрэ, нэхъыжьымрэ нэхъыщ1эмрэ, лэжьыгъэмрэ гуащ1эдэк1ымрэ, лъахэмрэ Хэкумрэ.

-Псалъэжьхэр 1уэхугъуэ куэдым епхами, жып1э хъунущ, абыхэм я къалэн нэхъыщхьэр гъэсэныгъэрауэ. Псалъэжь куэд щы1эщ Хэкум, бзэм теухуауэ.

Фыкъеда1уэ абыхэм:

«Зи бзэ ныкъуэм гуныкъуэгъуэ ущигъащ1эркъым».
«Хэкум игъэгушхуэр хахуэ мэхъу».
« Псалъэм тек1уэн 1эщэ щы1экъым».
«Хэкум емык1ур къылъысмэ, псэм уемыблэжу къыщыж».
«Зи хэку, зи бзэ епц1ыжыр насыпыншэ мэхъу».
«Бзэр псэм и л1ык1уэщ».
«Хэку зимы1эм псори щ1ы1эу къыщохъу».
«Бзэр гум и тэрмэшщ».
«Хэкужьыхьэ лъэщщ».
«Бзэ псори дахэщ, ауэ уи бзэм нэхъыф1 щы1экъым».
«Хамэ Хэку сыщытхъэ нэхърэ си Хэкужь сыщыл1э».
«Бзэр лъэпкъ зэхэщ1ык1ым зезыгъэужьщ».
«Хэкур анэм хуэдэщ».
«Бзэр гупсысэм и 1эщэ хьэлэмэтщ».
«Зи бзэ 1эф1 щынэр мэлит1 щ1оф».

**Адыгэ ц1ыхухъу къафэ.**





**Вед.**

-Зэрыжыт1ащи, бзэр хъумэн хуейщ. Ди бзэм и гъащ1эр зи 1эмыщ1э илъыр дэращ. Дэ абы дегугъумэ, ф1ыуэ тлъагъумэ, пэжу дыбгъэдэтмэ, ди бзэри лъэп1энущ, еф1эк1уэнущ.

Нобэ ди лъэпкъыр, ди Хэкур, ди бзэр, хъума хъун щхьэк1э гугъу зедгъэхьын, тхъумэн, ф1ыуэ тлъагъун хуейщ.

Дэтхэнэ ц1ыхуми ди къалэнщ ди Хэкур, къыддалъхуа бзэр, ди адэшхуэхэм къащ1эна хабзэ дахэр дымыгъэк1уэду тхъумэну, ипэк1э дгъэк1уэтэну.

*/Усэ макъамэ щ1эту/.*



Анэдэлъхубзэ!
Си гъатхэ дыгъэ къуэмыхьэж,

Си гукъыдэж, си гурыф1ыгъуэ:
Дунейр уэрыншэм ныбгъуэхьэшт.
Узи1эу зыми семыфыгъуэ,
Узы1эу зыми семыиж –
Абык1э си бзэ уэрщ си щапхъэр:
Сэ уи беягък1и сыбеижщ.
Адрейхэр сщ1энуи сыхуопабгъэр.
Си адыгэбзэ, уэ улъэщщ.
Зи зэманыгъуэу угурыхуэщ.
Щ1ыхугу дэтхэнэри къот1эщ1,
Уэ ущагъабзэк1э 1эрыхуэу.
Зэм, си бзэ, уохъури уэ жьгъыру,
Адыгэ пшынэу уобзэрабзэ,
Зэм къызэкъуохри уи къарур,
Хеящ1э джатэу ар уогъабзэ,
Уэ уаф1эжьгъейми къэбгъэщ1ащ
Зэрыдунейуэ зэджэ «Нартхэр»
Гъэ минхэр, си бзэ, уэ бгъэщ1ащ
Иджыри мащ1экъым уи нат1эр.
Си лъэпкъым щ1эблэ къыщ1эхъуам
Насып вагъуэбэу ужьхэпсэу
Я нэхъ тхьэмыщк1э ар щыхъуам
Уре1э уэ, си адыгэбзэ!

**Вед.**

**Ди хьэщ1э лъап1эхэ!**

Иремыхъу ди щ1ылъэр дэ гъащ1эншэ,
Гуауэ ин ди щ1ыгум щремы1у.
Анэ насыпыф1эм и быдзышэр,
Сабий 1упэм гуф1эу щреджэгу.
Иралъагъу ди нэхъыжьхэм гуф1эгъуэ,
Бынхэм я жэрдэмхэр дра1ыгъ.
Ди дунейр щымыщ1эу насып ф1ыгъуэ,
Мамырыгъэм псори щрегугъ.
Дыкъалъхуащ дэ адэ-анэм, деп1ыр щ1ылъэм,
Т1ури щремыщ1э ди гулъытэм.
Иремыгъ зы адэ-анэ гу1э нэпск1э
Щ1ылъэм зрегъэпск1 дуней насыпк1э.

**Лъэпкъып и псэ, ди бзэ дахэм и гъащ1эр нэхъри нэхъ к1ыхь хъуну**

**Д о х ъ у а х ъ у э !**

**Адыгэ джэгу.**


АДЫГЭБЗЭР БЗЭРАБЗЭМЭ,
МЭГЪАГЪЭ СИ


АДЫГЭБЗЭР БЗЭРАБЗЭМЭ,
МЭГЪАГЪЭ СИ